




DUKANDIRE KWA YEZU

François-Xavier KWIZERA



1. Mariya mugabekazi wurijwe mw'ijuru, wam'udusabira kwa Ye-zu, tuze turangiz'urugendo amahoro
2. Mariya Mugabekazi wurijwe mw'ijuru, ni wewe rembo nyina wa jambo, wewe kiraro kizodushikana mw'ijuru
3. Mariya Mugabekazi wurijwe mw'ijuru, uratunyegeza mu mutamana wawe, shetani- ca gisizimwe ntikiturye
4. Mariya Mugabekazi wurijwe mw'ijuru, urazi neza ko tugowe cane, tubangamiwe n'ibigeragezo vy'iyi si
5. Mariya Mugabekazi wurijwe mw'ijuru, ni we tuganyira, ni we turirira, ni we Muvyeyi twahawe na Yezu
6. Mariya Mugabekazi wurijwe mw'ijuru, sabir'imigisha ibihugu vyose, vyugarijwe n'ubukene n'inzara
7. Mariya Mugabekazi wurijwe mw'ijuru, sabir'amahoro ibihugu vyose, bibangamiwe n'intambara nyinshi